



Avoka Jeneral  
**Letitia James**  
pou Eta New York

## Chè rezidan New York,

Anpil moun nan Eta New York te gen pwoblèm kòb pandan pandemi COVID-19 la. Lwa sou Abri ki an Sekirite pou Lokatè (Tenant Safe Harbor Act, TSHA) pwoteje lokatè ak okipan legal yo kont degèpisman si yo pa kapab peye kòb lwaye yo.

Kèk moun pa gen travay nòmal oswa yo ka gen lòt sous revni ki difisil pou yo pwouve. Pa egzanp, moun ki san papye yo, travayè endepandan yo, ak moun k ap travay ak tèt yo ka gen difikilte pou yo pwouve fason revni yo te chanje. Piblikasyon sa a dekri lòt kalite prèv ou kapab itilize pou w benefisyé pwoteksyon yo bay selon TSHA a.

Ak tout kè mwen,

*Letitia James*

# Resous

## Anndan Vil New York:

### Liy Dirèk pou Dwa pou Jwenn Èd yon Avoka nan Vil New York

(718) 557-1379

### Repons Tribunal Lojman

Pou w jwenn enfòmasyon ak referans pou jwenn avoka ki ka an mezi pou reprezante ou

(212) 962-4795

### Depatman Afè Konsomatè Vil New York

Pou w jwenn enfòmasyon sou dwa travayè endepandan ak dwa moun k ap travay ak tèt yo

[www1.nyc.gov/site/dca/workers/workersrights/freelancer-workers.page](http://www1.nyc.gov/site/dca/workers/workersrights/freelancer-workers.page)

## Eta New York:

### LawHelp NY

Pou yo voye ou al jwenn avoka ki ka an mezi pou reprezante ou

[lawhelpny.org](http://lawhelpny.org)

### Kowalisyon Imigrasyon New York

Pou w jwenn enfòmasyon nan tout eta a sou dwa travayè ki san papye yo

[nyic.org](http://nyic.org)

### Pwogram Asistans pou Lwaye Annijans Eta New York (Emergency Rental Assistance Program, ERAP)

Bay fanmi ki pa t kapab peye kòb lwaye oswa bòdwò sèvis publik yo èd lajan pandan pandemi COVID-19 la

[otda.ny.gov/programs/Emergency-Rental-Assistance](http://otda.ny.gov/programs/Emergency-Rental-Assistance)

Creole



## Fason pou Pwouve Difikilte Finansyè Selon Lwa sou Abri ki an Sekirite pou Lokatè

Gid pou lokatè yo



Biwo Avoka Jeneral  
**Letitia James**  
nan Eta New York

## Defans Difilikte Finansyè Selon Lwa sou Abri ki an Sekirite pou Lokatè (TSHA)

TSHA a ede lokatè rezidansyèl yo ak okipan legal yo rete nan kay yo.

### Mwen dwe kòb lwaye. Kijan TSHA a kapab ede mwen?

Si ou pa t kapab peye kòb lwaye ou akoz COVID-19 la (pa egzanp, ou te pèdi djòb ou), yon jij kapab anpeche degèpisman ou an poutèt kòb lwaye ou pa peye si ou kapab pwouve nan tribinal la fason COVID-19 la te frape ou sou plan finansye.

### Èske mwen toujou oblige peye kòb lwaye m pa peye a?

Menm si jij la kapab anpeche degèpisman ou an pou kòb lwaye ou pa peye, mèt kay ou a kapab toujou pwouve ou dwe kòb la epi mande jij la yon jijman pou w peye kòb la. Lè sa a, li kapab eseye touche kòb sa a.

### Èske mwen gen pwoteksyon kont lòt pwosè degèpisman yo?

TSHA a sèlman aplikab nan ka kote ou pa peye kòb lwaye men li pa aplikab nan pwosè ki fèt poutèt ou kontinye rete nan kay la apre kontra lwaye a fini.

### Kijan pou mwen pwouve jij la mwen te gen pwoblèm kòb?

Selon TSHA, yon lokatè oswa yon lòt okipan legal dwe pwouve li te gen yon difilikte finansyè akoz COVID-19 la. Jij la pral analize plizyè faktè pou li detèmine difilikte finansyè a, tankou:

- Revni ki te chanje pandan COVID-19 la
- Lajan kach ak lajan sou kont labank
- Si ou kapab benefisyé:
  - Èd Lajan Kach (PA)
  - Pwogram Asistans pou Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP oswa Koupon pou Manje)
  - Revni Sekirite Siplemantè (Supplemental Security Income, SSI)
  - Alokasyon Eta New York pou Moun Andikape
  - Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP)
  - Asirans Chomaj
  - Lòt alokasyon selon lwa eta ak lwa federal

## Lòt Solisyon pou Dokiman Difilikte Finansyè Nòmal yo

Selon TSHA a, jij yo "ap konsidere" faktè difilikte finansyè yo men li pa di yo sa lokatè yo dwe pote nan tribinal la.

Ou kapab pwouve yon pèt revni gras ak souch chèk, relve kont labank, deklarasyon taks, oswa bòdwo.

Si ou pa gen kalite dokiman sa yo, ou kapab pwouve yon pèt revni nan lòt fason, tankou lè ou menm oswa yon lòt moun ki konnen sitiayson ou bay yon deklarasyon si ou pa gen okenn dokiman.

### Egzanp Prèv Ou Kapab Pote nan Tribunal Ki Pa Souch Chèk, Relve Kont Labank, Deklarasyon Taks oswa Bòdwo:

- Deklarasyon ou fè oswa moun ou ap viv avèk yo fè ki eksplike an detay chanjman ki fèt nan revni ou ak elijiblite ou pou alokasyon piblik yo
- Deklarasyon patwon ou an ki te redui nan èdtan travay ou yo oswa ki te voye ou al chita lakay ou apre 7 mas 2020
- Deklarasyon manm fanmi ki te ba ou èd lajan yo, men ki te sispann bay li apre 7 mas 2020
- Deklarasyon kamarad chanm ki te pèdi revni yo
- Resi, mesaj, oswa fèy kalkil ou te ekri ki endike peman lajan kach ou resewwa pou travay ak lè peman sa yo te fini
- PayPal, Venmo, oswa lòt dosye peman anlyi pou tranzaksyon lajan kach ki montre yon chanjman ki fèt nan revni
- Fakti pou travay yo peye ou oswa yo pa peye ou
- Fèy prezans ki endike ou pèdi èdtan travay yo
- Relve kont labank ki pwouve depo lajan kach regilye ki te sispann oswa chanje apre 7 mas 2020
- Deklarasyon ki di ou pa t kapab travay paske pa t gen gadri oswa lekòl fas-a-fas
- Dokiman ki pwouve sipò timoun enfòmèl (tankou lajan kach oswa materyèl) ki te sispann oswa chanje apre 7 mas 2020
- Dokiman ki pwouve ou menm oswa manm fanmi ou yo (timoun yo ladan) elijib pou benefisyé alokasyon gouvènman an
- Dokiman ki pwouve depans ou fè ki gen rapò ak COVID-19, ki gen ladan frè medikal ak frè antèman ki soti nan pòch ou

### Mwen te soumèt yon deklarasyon difilikte selon lwa sou Prevansyon Degèpisman ak Sezi Kay Annijans Ian (Emergency Eviction and Foreclosure Prevention Act, EEFPA) Èske se menm bagay la?

Non. Lwa sou Prevansyon Degèpisman ak Sezi Kay Annijans Ian (EEFPA) pwoteje lokatè yo yon lòt fason. Selon EEFPA, si ou gen pwoblèm kòb, pwoblèm sante, oswa ou se moun aje, ou kapab siyen yon deklarasyon difilikte epi depoze li nan tribinal la. Sa pral anpeche mèt kay ou an tanmen piò pwosè degèpisman yo kont ou epi sa pral anpeche li degèpi ou. Pwoteksyon sa a ap fini kounye a nan dat 31 dawout 2021. Si ou te siyen yon deklarasyon difilikte selon EEFPA a, asire ou di jij la sa, menm apre 31 dawout 2021, piske ou kapab itilize yon deklarasyon ki siyen pou w pwouve difilikte finansyè selon TSHA a